EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
IF = 9.3 www.in-academy.uz/index.php/ejar



# SYNTACTIC RELATIONSHIPS OF SIMPLE SENTENCES WITHIN MULTI-COMPONENT COMPOUND SENTENCES

**[1]Allamuratov N.E.**
**[2]Tinibaeva, M.**
[1]Docent (PhD), Department of Applied Philology.
[2]2nd-year Master's student in Linguistics (Karakalpak Language)
https://doi.org/10.5281/zenodo.20158030

**ARTICLE INFO**
Received: 05th May 2026
Accepted: 12th May 2026
Online: 13th May 2026
**KEYWORDS**
*Compound sentences without conjunctions, multicomponent compound sentences, lexical correlates, morphological correlates, intonation.*

**ABSTRACT**
*This article analyzes the means of connecting simple sentences within multi-component compound sentences, the semantic relationship between simple sentences, as well as four- or five-component disjoint sentences.*

# KÓP KOMPONENTLI QOSPA GÁPLERDIŃ QURAMINDAĞI JAY GÁPLERDIŃ SINTAKSISLIK BAYLANISI

**[1]Allamuratov N.E.**
**[2]Tınıbaeva. M.**
[1]Ámeliy filologiya kafedrası docenti PhD.
[2]Lingvistika (qaraqalpaq tili) 2-kurs magistrantı
https://doi.org/10.5281/zenodo.20158030

**ARTICLE INFO**
Received: 05th May 2026
Accepted: 12th May 2026
Online: 13th May 2026
**KEYWORDS**
*Dánekersiz qospa gápler, kóp komponentli qospa gápler, leksikalıq korrelyatlar, morfologiyalıq korrelyatlar, intonaciya.*

**ABSTRACT**
*Bul maqalada kóp komponentli qospa gáplerdiń quramındağı jay gáplerdi baylanıstırıwshı qurallar, jay gápler arasındağı mánilik qatnas, sonday-aq, tórt yamasa bes komponentli dánekersiz qospa gápler analizlengen.*

Qospa gápler tek ğana eki jay gápten ibarat bolıp qalmay, olar úsh, tórt hám onnan da kóp jay gáplerdiń qatnasınan da dúziledi. Bunday gápler kóp komponentli qospa gápler dep ataladı. Ádette, kóp komponentli qospa gápler dánekerli, dánekersiz hám bağınıńqılı qospa gápler túrinde keledi. Olardıń dúzilisi, qollanılıwı hám bildiriliw jolları da hár qıylı.

Dánekersiz qospa gápler quramı jağınan, kóbinese, eki jay gápli bolıp dúziledi. Sonıń menen qatar, olar úsh, tórt yamasa onnan da kóp jay gáplerdiń baylanısınan dúzilip, kóp komponentli dúziliste de keledi. Kóp komponentli dizbekli qospa gápler keminde úsh jay gápten dúziledi. Mısalı: *Aqsham náwbetshiligimde bir nawqas kelip edi, diagnoz jazıp, ukol saldırdım, sonnan beri ózine kelmey atır (M.Nızanov «Aqsham ózim baraman»)* . Bul mısalda qospa gáptiń quramında kelgen jay gápler óz baslawısh hám bayanlawıshlarına iye. Máselen, 1-jay gáptıń baslawıshı nawqas, bayanlawıshı kelip edi, 2-jay gáptiń baslawıshı berilmegen, biraq iyesi belgili gáp bolǵanlıqtan, gáptiń iyesi shıpakerdiń ózi, al diagnoz jazıp, ukol saldırdım birgelikli bayanlawıshları, 3-jay gápte bolsa baslawısh kontekst arqalı nawqas adam ekenligi málim, bayanlawıshı ózine kelmey atır. Demek, bul úsh komponentten quralǵan, dánekersiz intonaciya arqalı baylanısqan kóp komponentli dánekersiz qospa gáp bolıp esaplanadı. Kóp komponentli dizbekli qospa gáplerdi analizley otırıp, olardıń eki túrin kóriwge boladı:

1. Komponentleri mánilik jaqtan teńdey qatnasta kelgen: *Birewi rulge otıradı, birewi meniń ornıma, qalǵan besewi bizler betke mindi (M.Nızanov «Tez járdem»).*

2. Qospa gáptiń quramındağı komponentleriniń birewi, kóbinese, birinshisi ulıwma mánini bayanlap keledi, qalǵanları onı túsindiredi, anıqlaydı: *Lekin, awqattı jep bolǵannan keyin taǵı bayaǵı gáp baslanadı: ah-uh, jaqında ólejaqpan, qara jer tartıp baratır, sen inanbaysań, bir sabaqqa ilinip turman (M.Nızanov «Tuwılǵan kún»).* Bunda kóp komponentli qospa gáplerdiń dáslepki gápi ulıwmalıq mánide aytılıp, sońǵı gápleri arqalı túsindirilip kelgen. Ádette, ulıwmalıq mánide kelgen gápten keyin qos noqat qoyıladı, bul qaǵıyda bul gápte de saqlanǵanın kóremiz. Dánekersiz kóp komponentli qospa gáptiń quramındağı jay gáplerin tómendegi sıyaqlı leksikalıq, morfologiyalıq hám intonaciyalıq qurallar baylanıstıradı:

1.Leksikalıq korrelyat sózdiń qatnası arqalı baylanısadı. Bul korrelyat sózler dáslepki jay gápte qollanıladı da, sońǵı jay gápte soǵan qatnaslı sóz yamasa sol sózdiń ózi tákirarlanadı. Korrelyatlar formalıq jaqtan bir formada yamasa hár túrli formalarda keliwi múmkin: a) dáslepki jay gáptegi korrelyat sóz atlıq yamasa substantivlik almasıqtan boladı da, keyingi jay gápte sol sózge qatnaslı almasıq yamasa atlıq sóz qollanıladı. b) leksikalıq korrelyatlar hárbir jay gápte tákirarlanıp keledi: *Kimdur dostıń mıń bolsa da az dedi, kimdur kóp dedi, kimdur birewiniń óz jetkilikli dedi, qullası, hárkim óz bilgenin aytıp qaldı (M.Nızanov «Gósh»).* Bul gápte kimdur almasıǵı hárbir jay gápte qaytalanıp, birdey formada qollanılǵan, al sońǵı jay gáp ulıwmalastırıwshı mánide jumsalǵan.

1. Dánekersiz kóp komponentli qospa gáplerdiń jay gápleri morfologiyalıq korrelyatlar arqalı baylanısadı: a) morfologiyalıq korrelyatlıq xızmetti qospa gáp komponentleriniń feyil bayanlawıshlarınıń bir bet, bir máhál formalarında, yaǵnıy, formalıq jaqtan birgelkili bolıp keliwi arqalı atqaradı*: Jazda teńgedey kún túspeydi, qısta qar ótpeydi, gúzli báhár qonaǵa jawǵan jamǵır bolmasa shıq tambaydı (M.Nızanov). Oqıwshılar birim-birim*

*náwbet penen shıǵıp, kirpitikendi shıbıq penen túrtken boladı, biri aylanıp ótpekshi boladı, qullası, hárkim bilgen tapqırlıǵın isleydi (M.Nızanov «Kirpitiken»).* b) morfologiyalıq korrelyatlar formalıq jaqtan birgelkili bolmay, hár túrli formalarda kelip te jay gáplerdi baylanıstıradı. *Bes balamnıń hámmesinde mashın bar, bes uldıń ortasında bir qız edi, oǵan da saylaǵan kóligin áperip qoyıppan (M. Nızanov «Súrlengen toqlı»).*

Dánekersiz kóp komponentli qospa gáptiń quramındaǵı jay gáplerdiń qospa gápke birigiwi hám mánilik ózgesheliklerge iye bolıwında intonaciya da tiykarǵı xızmetti atqaradı: a) jay gápler dizbeklewshi intonaciya arqalı baylanısıp kelgende, mánilik jaqtan óz ara bir-biri menen teń, birgelkili bolıp baylanısadı: *Pikir alısıwda birew kinonı maqtaydı, birew sın taǵadı, qullası kópshiliktiń pikirin bilgen jaqsı da (M.Nızanov «Ǵulǵula»).* b) dánekersiz kóp komponentli qospa gáptiń jay gápleri sebep, túsindirmeli hám t.b. intonaciya arqalı baylanısıp kelgende, mánileri óz ara teń bolmaǵan, birin-biri túsindiriwshi, anıqlawshı sıpatqa iye bolǵan birgeliksiz dánekersiz kóp komponentli qospa gáplerdi dúzedi: *Dasturxan túrli jemiske toltırılǵan, kesa qoyarǵa orın joq, onnan qoyannıń sútinen basqası tabılar edi (M.Nızanov «Wáliy») . Negizinde gáp onday emes, bizge mektep remontı da kerek, oqıwshılardıń úlgeriwi de kerek. (M.Nızanov «Tuwılǵan kún»). Ol kisiniń haqıyqıy atın waqtında soramadıq, shaması, ol kóp jıl shaypurıshlıq qılǵan bolsa kerek, balları da Shaypurıshov bolıp jazılıp ketken (M.Nızanov «Onıkı ne kókirek»). Olardıń ishinde Piyshembay altınshı klasında araq ishken, Qoylıbay toǵızınshı klasında muǵallımdi sókken, Bektursın on birinshi klasında áke bolǵan, Zarlıq on bes jasınan baslap-aq qaltasına pıshaq salıp júretuǵın bolǵan eken (M.Nızanov «Tuwılǵan kún»)*. Sonday-aq, bayanlawıshları feyil sózlerden bolǵan tórt jay gápten turatuǵın dánekersiz qospa gápler de ushırasadı: *Ol qolımdaǵı telefondı arman tarttı, men berman tarttım, jilli adam qarıwlı boladı degen ıras eken, alaqanımdı tırnaǵı menen dalqaraǵan qılıp, telefondı julıp aldı (M.Nızanov «Qan qızba»).* Bes komponentli dánekersiz qospa gápler de qollanıladı. Máselen: *Kúyewi sázende, úlken balası oyınshı, onnan kishkenesi aktyor, kelini qosıqshı, qızlarınıń úlkeni baletmeyster (M.Nızanov «Kisilik shapanı»).*

Kóp komponentli dánekersiz dizbekli qospa gápler intonaciya hám korrelyat sózler menen baylanısıp mezgilleslik, qarsılas, sebep-nátiyje, túsindirmeli qatnaslardı bildirip keledi. Kórkem shıǵarmalarda oy-pikirdi ıqshamlastırıp, jıynaqlastırıp beriwde kóp komponentli qospa gápler jiyi qollanıladı. Pikirdi ótkir, obrazlı etip beriwde hár qıylı kórkemlew quralları menen birge kóp komponentli qospa gápler shıǵarmanıń tiliniń kórkemligin támiyinleydi. Bul tuwralı A.Bekbergenov bılay dep jazadı: «Kórkem ádebiyatta jay hám qospa gáplerdiń barlıq túrleri de ushırasa beredi. Al, geypara shıǵarmalarda olardan dizbekli qospa gáptiń, baǵınıńqılı qospa gáptiń yamasa qospalanǵan jay gáptiń qollanılıwı jazıwshınıń stiline baylanıslı bolıp keledi».

Juwmaqlap aytqanda, kórkem shıǵarmalarda qollanılǵan kóp komponentli qospa gápler shıǵarmaǵa ayrıqsha tásirsheńlik beredi. Ol arqalı

pikir jıynaqlanıp beriledi hám mazmun
ele de tolıq ashıp beriledi.

## References:

1. Дәўлетов М. Қарақалпақ тилиндеги қоспа гәплердиң гейпара теориялық мәселелери. – Нөкис, «Билим», 1993.
2. Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиниң стилистикасы. – Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990.
3. Dáwletov A., Dáwletov M., Qudaybergenov M. Házirgi qaraqalpaq ádebiy tili. Sintaksis. – Nókis, «Bilim» 2009.
4. Dáwletov M., Seydullaeva D. Házirgi qaraqalpaq tilinde qospa gápler. – Nókis, «Qaraqalpaqstan», 2010.
5. Allamuratov N.E. Assimilated legal terms in the karakalpak language. International Multidisciplinary Scientific Global Conference on Education and Science Hosted Online from Vienna. October 20th. – Austria, 2022. – P. 167-170.
6. Allamuratov N.E. The formation of legal terms in the karakalpak language, Derivational and compound legal terms: International Multidisciplinary Conference Hosted from Manchester. 25th Oct. – England, 2022. – P. 197-199. https://conferencea.org.
7. Allamuratov N.E. The system of formation and component types of legal terms in the Karakalpak language, Science and Education in Karakalpakstan. 2025 № 4/1. ISSN 2181-9203
8. М.Нызанов. Таңламалы шығармалары. 2-том. – Нөкис, «Жети ықлым», 2023.
9. М.Нызанов. Таңламалы шығармалары. 3-том. – Нөкис, «Жети ықлым», 2023.